# O’zbekistan Respublikasi’ Oliy Majlisi jani’ndag’i’ Ma’mleketlik yemes kommerciyali’q yemes sho’lkemlerdi ha’m puqarali’q ja’miyetinin’ basqa institutlari’n qollap-quwatlaw Ja’miyetlik qori’ «Puqarali’q ja’miyeti institutlari’ni’n’ fizikali’q jaqtan salam

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (57 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (57 KB)

**MA’MLEKETLIK GRANT BERIW UShI’N TAN’LAW JA’RIYaLAYDI’**

Tan’lawda ma’mleketlik dizimnen wo’tken puqarali’q ja’miyeti institutlari’ni’n’ to’mendegi maqsetlerden kelip shi’qqan joybarlari’ qabi’l yetiledi:

1. Wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladta wo’zinen u’lkenlerge hu’rmet, kishilerge izzet si’yaqli’ insani’yli’q pazi’yletlerdi, ana watang’a, wo’z xalqi’na sheksiz muhabbat ha’m sadi’qli’qti’ qa’liplestiriw.

2. Shan’araqta, ja’miyette jasi’ u’lkenlerdin’ worni’n, qa’dirin, abi’royi’n artti’ri’w, balalar ha’m jaslardi’ wo’zinin’ ata-analari’na, soni’n’ ishinde, ha’r bir nurani’yg’a teren’ hu’rmet ja’ne g’amqorli’q ruwxi’nda ta’rbiyalaw.

3. Jaslardi’n’ tuwi’li’p wo’sken yeli, woni’n’ ma’deniyati’ ha’m arxitekturali’q yestelikleri haqqi’ndag’i’ bilimlerin bayi’ti’w maqsetinde a’melge asi’ri’lg’an jumi’slar, soni’n’ ishinde, ekskursiya sho’lkemlestiriw, bukletler basi’p shi’g’ari’w, stendler du’ziw ha’m basqalar.

4. Jaslardi’n’ huqi’qi’y sanasi’n ha’m ma’deniyati’n artti’ri’w, wolardi’n’ ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik quri’li’s bag’dari’nda a’melge asi’ri’lg’an reformalardan xabardarli’g’i’n artti’ri’wg’a qarati’lg’an ilajlar.

5. Jas a’wladti’n’ ilim ha’m ko’rkem wo’nerge bolg’an i’qlasi’n ja’ne de artti’ri’w ushi’n za’ru’r sharayatlar jarati’w, wolardi’n’ respublikali’q ha’m xali’qarali’q tan’lawlarda, olimpiadalar menen jari’slarda qatnasi’wi’n ta’miyinlew, intellektualli’q potenciali’n ko’rsetiwin xoshametlew.

6. Wo’sip kiyati’rg’an jas a’wlad arasi’nda fizikali’q ta’rbiya ha’m sport jumi’slari’n ja’ne de ken’eytiw, birinshi gezekte awi’lli’q jerlerde jasawshi’ jaslardi’ salamat turmi’s ta’rizi bolg’an sportqa tarti’w ushi’n sharayatlar jarati’w.

7. Jaslar arasi’nda salamat turmi’s ta’rizin qa’liplestiriw, wolardi’ ishiwshilik, na’shebentlik si’yaqli’ illetlerden, «g’alabali’q ma’deniyat» ti’n’ zi’yanli’ ta’sirlerinen saqlaw.

8. Jaslar arasi’nda yerte nekelesiw ha’m aji’rasi’wlardi’n’, shan’araqtag’i’ socialli’q-psixologiyali’q mashqalalardi’n’ aldi’n ali’w, na’sillik ha’m tuwma kesellikler profilaktikasi’ boyi’nsha wolardi’n’ bilimlerin jetilistiriw, jaslarda salamat, bekkem shan’araqti’ quri’wg’a bolg’an umti’li’sti’ qa’liplestiriw.

9. Salamat ha’m bekkem shan’araqti’ qa’liplestiriwge bag’darlang’an ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q, medicinali’q-ma’sla’ha’t ilajlari’n sho’lkemlestiriw, jas shan’araqlarg’a itibardi’ ku’sheytiw, wolardi’n’ huqi’qi’y ha’m socialli’q qorg’ali’wi’n ta’miyinlew.

10. A’zeliy milliy qa’diriyatlardi’ saqlaw ha’m ja’ne de bekkemlewde, ja’miyette joqari’ ruwxi’y wortali’qti’ qa’liplestiriwde, fizikali’q jaqtan salamat, ruwxi’y jetik ha’m ba’rkamal a’wladti’ ta’rbiyalawda shan’araqti’n’ rolin ku’sheytiw.

11. Jaslardi’, soni’n’ ishinde, ka’sip-o’ner kolledjleri ha’m joqari’ bilmlendiriw ma’kemeleri pikteriwshilerin isbilermenlik jumi’si’na ken’nen tarti’w, a’sirese, awi’lli’q jerlerde shan’araqli’q biznesti rawajlandi’ri’w ushi’n sharayatlar jarati’w.

12. Fizikali’q imkaniyati’ sheklengen balalardi’ qollap-quwatlaw, wolardi’ ha’r qi’yli’ sport shi’ni’g’i’wlari’na, ilim ha’m ko’rkem wo’nerge tarti’wdi’n’ a’meliy ilajlari’n ko’riw.

13. Wori’nlarda jaslardi’n’ huqi’q ha’m ma’plerin qorg’awg’a qarati’lg’an ni’zamlardi’n’ wori’nlani’wi’ boyi’nsha ja’miyetlik qadag’alawdi’ sho’kemlestiriwde puqarali’q ja’miyeti institutlari’ni’n’ rolin ku’sheytiw.

Tan’lawda qatnasi’w ushi’n to’mendegi hu’jjetler usi’ni’li’wi’ lazi’m:

1. Arza berip ati’rg’anli’g’i’ haqqi’nda MKSh sho’lkemi basli’g’i’ni’n’ qoli’ ha’m mo’ri menen tasti’yi’qlang’an usi’ni’s xati’.

2. www.fundngo.uz sayti’nda jaylasti’ri’lg’an u’lgide jazi’lg’an grant joybari’ (arzasi’).

3. Sho’lkemnin’ ma’mleketlik dizimnen wo’tkenligi haqqi’ndag’i’ gu’wali’g’i’ni’n’ nusqasi’.

4. Reje nusqasi’ (son’g’i’ wo’zgerisler ha’m qosi’mshalar) sho’lkemnin’ mo’ri menen tasti’yi’qlang’an.

5. Yeger joybar licenziyalanatug’i’n jumi’sti’ talap yetse, licenziyani’n’ nusqasi’.

6. Bul joybardi’ qollap-quwatlaw boyi’nsha ma’pdar ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ usi’ni’si’ ha’m xati’ qosi’msha yetiliwi mu’mkin.

Bir joybar ushi’n aji’rati’latug’i’n grant mug’dari’ – 25 million sumg’a shekem.

Hu’jjetler 2015-ji’ldi’n’ 15-iyuninen 15-iyuline shekem qabi’l yetiledi.

Hu’jjetler «O’zbekistan pochtasi’» arqali’ mo’r basi’lg’an konvertte (A-4 format): Tashkent qalasi’, 100035, «Bunyodkor» gu’zari’, 1-jayda jaylasqan «O’zbekistan Respublikasi’ Oliy Majlisi jani’ndag’i’ MKSh ha’m puqarali’q ja’miyetinin’ basqa institutlari’n qollap-quwatlaw Ja’miyetlik qori’»

ati’na jiberiliwi sha’rt.

Tan’lawda qatnasi’w sha’rtleri ha’m tan’law hu’jjetlerinin’ u’lgileri menen Ja’miyetlik qordi’n’ ra’smiy www.fundngo.uz veb-sayti’nda tani’si’w mu’mkin.

Mag’li’wmat ushi’n telefonlar: (0-371)239-26-76, 239-26-64

Sa'ne: 17.06.2015 10:40, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'